

# Fòmilè Mizajou Enfòmasyon sou Elèv nan Lekòl Piblik yo 2022-2023

Tanpri mete ajou enfòmasyon sou elèv la nan [www.bostonpublicschools.org/contact](http://www.bostonpublicschools.org/contact)

Si sa pa posib, tanpri ranpli fòmilè sa konplètman. FÒMILÈ ak PIBLIKASYON ki nan paj sa yo se DOKIMAN LEGAL yo ye. Paran ak elèv yo dwe konplete ak siyen chak seksyon jan yo rekòmande sa epi retounen fòmilè kat paj la an antye bay lekòl elèv ou a avan 30 Septanm.

ELÈV LEKÒL SEGONDÈ YO: Si ou pa vle non ou pibliye bay rekritè militè oubyen inivèsite yo, ou dwe koche epi siyen piblikasyon an nan pwochè paj la. Paran ou pa bezwen siyen seksyon sa.

Mèsi.

Non Elèv la \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_ Klas \_\_\_\_\_ Salklas \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ Apt. # \_\_\_\_\_ Kòd Postal \_\_\_\_\_

Non Paran/ Responsab la \_\_\_\_\_ Dat Nesans Paran/Responsab la \_\_\_\_\_

# Telefòn: Lakay \_\_\_\_\_ Selilè \_\_\_\_\_ Travay \_\_\_\_\_

Imèl \_\_\_\_\_

Lang Prensipal pou kominikasyon soti nan BPS rive nan Fanmi \_\_\_\_\_

Non Paran/ Responsab la \_\_\_\_\_ Dat Nesans Paran/Responsab la \_\_\_\_\_

# Telefòn: Lakay \_\_\_\_\_ Selilè \_\_\_\_\_ Travay \_\_\_\_\_

Imèl \_\_\_\_\_

Lang Prensipal pou kominikasyon soti nan BPS rive nan Fanmi \_\_\_\_\_

Si nou pa kapab jwenn yon paran nan ka yon ijans, oubyen nan ka yon maladi, tanpri site adilt ki responsab pou nou kontakte a:

Non/ # Tel. (Jou oubyen Selilè) \_\_\_\_\_ Relasyon ak elèv la \_\_\_\_\_

Non/ # Tel. (Jou oubyen Selilè) \_\_\_\_\_ Relasyon ak elèv la \_\_\_\_\_

Èske genyen lòt pwoblèm lekòl la dwe konnen? Si wi, eslike: \_\_\_\_\_

- 1 Nou te revize Gid anliy ([bostonpublicschools.org/familyguide](http://bostonpublicschools.org/familyguide)) oubyen enprime Lekòl Piblik Boston yo pou Fanmi ak Elèv yo ak Disiplin ki nan Lekòl yo pou lekòl kote pitit mwen an ale a.
- 2 Nou konprann ke Gid la genyen ladan l enfòmasyon enpòtan sou patenarya ant kay la ak lekòl la, Politik Pwomosyon an, prezans nan lekòl la, Kòd Kondwit la, egzijans rezidans nan Boston, politik sou itilizasyon Entènèt elèv yo, lwa sou diskriminasyon yo, dosye elèv yo, priz an chaj ak retou divès manwèl ak divès liv bibliyotèk ak lòt disiplin ak politik lekòl yo.
- 3 Nou konprann Konsèy Sit Eskolè lekòl la te apwouve Disiplin nan Lekòl yo e ke elèv ki vyole yo kapab pèdi kèk privilèj.
- 4 Nou dakò travay avèk pèsònèl lekòl la pou nou garanti ke timoun nan ale lekòl chak jou (sof pou absans ki motive) epi fè devwa.
- 5 Nou te li rezime Kòd Kondwit la. Nou te diskite sou Kòd Kondwit la. Nou dakò pou travay avèk pèsònèl lekòl la pou garanti ke pitit mwen an ap swiv Kòd Kondwit la.

Siyati paran an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Sinyati Elèv la \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

## Fanmi Militè yo

- Tanpri koche si elèv la se (1) timoun manm ki an sèvis aktif sèvis ki an inifòm yo, Gad Nasyonal ak Rezèv an sèvis aktif, oubyen (2) timoun manm oubyen veteran ki libere oubyen retirete pou divès rezon medikal.

## Pibliye Enfòmasyon bay Rekrityè Militè ak Anseyman Siperyè yo

Distri lekòl piblik yo dwe pibliye non, adrès, ak nimewo telefòn **ELÈV LEKÒL SEGONDÈ** bay rekrityè militè ak anseyman siperyè ameriken yo. **Elèv la OUBYEN paran** genyen dwa pou fè demann alekri pou enfòmasyon sa PA pibliye. Si ou PA vle enfòmasyon sa pibliye, tanpri koche youn oubyen toulède bwat yo epi siyen anba:

- PIGA nou pibliye enfòmasyon bay REKRITYÈ MILITÈ YO.
- PIGA nou pibliye enfòmasyon bay REKRITYÈ ANSEYMAN SIPERYÈ YO.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Paran OUBYEN Elèv la (laj 14 an oubyen plis)

## Pibliye enfòmasyon bay Lekòl a Chat yo

Jan Lwa sou Refòm Edikasyon Massachusetts la mande sa, distri lekòl piblik yo dwe bay lekòl a chat yo non oubyen adrès elèv yo nan objektif rekrityèman. Si ou PA vle enfòmasyon sa pibliye, tanpri koche bwat la epi siyen anba:

- PIGA nou pibliye enfòmasyon bay LEKÒL A CHAT YO.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Paran OUBYEN Elèv la (laj 14 an oubyen nan nevyèm ane)

## Piblikasyon Enfòmasyon ki nan Repètwa Elèv la

Distri a kapab pibliye "enfòmasyon ki nan repètwa" elèv la san yon konsantman ekri amwen ke ou te endike sa pandan ou te koche bwat ou pa t vle enfòmasyon an pibliye a. Enfòmasyon nan repètwa se enfòmasyon yo pa jeneralman konsidere nwizib oubyen kòm yon atent ak vi prive a si yo pibliye. Objektif prensipal li se pou pèmèt distri a gen ladan l tip enfòmasyon sa nan sèten piblikasyon lekòl yo, tankou yon rekèy chak ane, bilten, yon afich oubyen yon lis onè. Enfòmasyon nan repètwa yo gen ladan yo sa ki vini an apre yo: non, laj, klas oubyen nivo, ak dat enskripsyon elèv la.

Amwen ke ou endike sa nan lòt fason, distri a kapab pibliye enfòmasyon nan repètwa yo nan divès sikonstans limite. Distri a rezève tèt li dwa pou kenbe tout enfòmasyon si distri a estime ke se nan pi bon enterè elèv nou yo. Sepandan, distri a pral pibliye enfòmasyon yo jan lalwa rekòmande sa.

Tanpri, koche bwa anba si ou pa swete distri a pibliye enfòmasyon nan repètwa elèv ou a.

- Mwen PA vle nou pibliye enfòmasyon nan repètwa pitit mwen an. Lè mwen chwazi opsyon sa, mwen konprann ke non ak/oubyen foto pitit mwen an P AP fè pati rekèy chak ane, bilten, divès pwogram, ak lòt piblikasyon distri a ak lekòl yo. Enfòmasyon nan repètwa yo P AP pibliye bay òganizasyon patnè ki kapab bay sèvis ak elèv yo.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Paran OUBYEN Elèv la (laj 14 an oubyen nan nevyèm ane)

## Aparisyon nan Medya yo

- Mwen bay pèmisyon pou Lekòl Piblik Boston yo anrejistre, filme, fè foto, fè entèvyou oubyen ekspozè piblikman, distribye, oubyen pibliye sou papye ak nan medya elektwonik yo non, aparans, pawòl ak devwa pitit gason/pitit fi m pandan ane lekòl 2022-2023 an, kit se pèsonèl lekòl yo, elèv yo, oubyen nenpòt moun ki deyò lekòl la ki gen ladan yo medya yo ki antreprann yo. Mwen dakò Lekòl Piblik Boston yo kapab pataje, oubyen pèmèt lòt yo pataje san limitasyon oubyen konpreyansyon. Mwen libere lekòl pitit mwen an ak pèsonèl Lekòl Piblik Boston yo de tout reklamasyon ki soti nan aparisyon oubyen patisipasyon pitit mwen an nan travay sa yo.
- Mwen PA bay pèmisyon pou non, aparisyon, pawòl ak devwa pitit gason m nan/pitit fi mwen an parèt nan medya jan sa dekri anwo a.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Paran OUBYEN Elèv la (laj 18 an oubyen plis)

## Politik sou itilizasyon akseptab, ki gen ladan li entènèt

- Antan ke paran oubyen responsab elèv sa, mwen te li Politik sou Itilizasyon Akseptab la epi te diskite sou li avèk pitit mwen an. Mwen konprann ke aksè ak yon òdinatè bay nan Lekòl Piblik Boston yo pou objektif edikatif yon jan ki konfòm ak objektif akademik BPS yo e ke itilizasyon elèv yo pou tout lòt objektif pa apwopriye. Mwen rekonèt li enposib pou BPS bay restriksyon ak aksè nan tout dokiman kontwovèse yo, epi mwen p ap lage responsabilite sou do lekòl la pou dokiman ke li te jwenn sou rezo lekòl la. Mwen konprann ke aktivite sou òdinatè timoun yo lakay yo dwe jwenn sipèvizyon paske yo kapab afekte anviwònman akademik lan nan lekòl la. Mwen bay pèmisyon nan dokiman sa pou pitit mwen an itilize resous sou òdinatè yo nan Lekòl Piblik Boston yo.
- Mwen PA bay pèmisyon pou pitit mwen an itilize resous sou òdinatè yo, tankou sou Google Apps pou Edikasyon, nan Lekòl Piblik Boston yo.

Siyati paran an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

### ELÈV YO DWE SIYEN DEKLARASYON ANBA KONSÈNAN ITILIZASYON TEKNOLOJI:

Antan ke yon elèv Lekòl Piblik Boston, mwen konprann itilizasyon rezo ak imel lekòl la se yon privilèj, men pa yon dwa. Mwen konprann kont rezo ak imel lekòl mwen an se pwopriete BPS epi yo pa prive. BPS gen dwa pou aksede ak enfòmasyon mwen yo nenpòt lè. Mwen konprann administratè BPS yo pral deside ki kondwit ki pa apwopriye si yon kondwit konsa pa presize nan akò sa. Mwen pral itilize teknoloji nan yon fason ki konfòm avèk lwa Etazini ak Commonwealth of Massachusetts. Mwen konprann mwen dwe avize yon adilt imedyatman si mwen rankontre yon dokiman ki vyole itilizasyon apwopriye a.

Mwen konprann epi pral soumèt ak Politik Itilizasyon Akseptab la. Mwen pral itilize resous teknoloji BPS yon jan pwodikatif ak responsab nan objektif ki lye ak lekòl. Mwen p ap itilize resous teknoloji nan yon fason ki ap entewonp aktivite lòt itilize yo. Mwen konprann konsekans aksyon mwen yo te kapab gen ladan yo pèt divès privilèj posib ak mezi disiplinè eskolè jan sa endike nan Kòd Kondwit la ak divès pouswit selon lalwa eta ak federal la.

Sinyati Elèv la (laj 5 an ak pi gran) \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

## Boston Saves (pou klas K2, 1ye ane, ak 2èm ane)

Boston Saves se yon pwogram Vil Boston (EDIC) ap jere pou ede fanmi BPS yo epanye pou avni pitit yo nan bay ak chak elèv ki kalifye yon kont epay ki gen \$50 pou yon fòmasyon inivèsité oubyen pwofesyonèl. Patipasyon nan pwogram nan pèmèt fanmi yo jwenn divès ensitatif monetè adisyonèl pandan y ap epanye nan yon kont dezinye. Aprann plis epi verifye kalifikasyon nan [bostonsavescsa.org](http://bostonsavescsa.org).

Si ou vle patisipe nan Boston Saves, tanpri dezennskri pou endike ou pa otorize BPS pataje done ki vini an apre yo avèk pèsonèl pwogram Boston Saves la: non elèv la, dat nesans, nimewo idantifikasyon inik elèv la (SASID), kowòdone lekòl la, klas la, ak paran an (responsab legal la). Mwen pa swete patisipe.

- Mwen PA swete patisipe.

## Depistaj Sante

Nan kad dosye sante eskolè chak elèv, Lekòl Piblik Boston yo ap reyalize divès depistaj eta mandate. Yo depiste elèv yo pou tay, pwa, posti, vizyon, ak odizyon chak peryòd soti nan K1 rive 10èm ane.

Koche bwat anba epi siyen si ou PA vle BPS depiste pitit ou a.

Mwen PA bay pèmasyon pou Lekòl Piblik Boston yo depiste pitit mwen an pou tay, pwa, posti, vizyon, ak odizyon.

Siyati paran an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Tout distri lekòl Massachusetts yo gen rekòmasyon pou entegre yon depistaj preventif kont konsomasyon sibstans pou elèv ki nan 7èm ak 10èm ane yo. Zouti depistaj la rele pwotokòl Depistaj, Entèvansyon Brèf, Oryantasyon pou Tretman (SBIRT). Pwotokòl SBIRT la fasilite yon konvèsasyon youn pa youn ant chak elèv ak yon enfimyè lekòl la oubyen yon konseye nan efò pou fè prevansyon oubyen omwen retade kòmansman konsomasyon sibstans ki danjere, tankou alkòl oubyen mariwana. Pwogram sa mete aksan sou ranfòsman divès desizyon sen epi abòde divès konpòtman konsènan konsomasyon sibstans avèk objektif pou amelyore sante, sekirite, ak reyisit nan lekòl.

Koche bwat anba epi siyen si ou PA vle BPS depiste pitit ou a.

Mwen PA bay pèmasyon pou Lekòl Piblik Boston yo depiste pitit mwen an pou konsomasyon sibstans (SBIRT).

Siyati paran an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

## Enfòmasyon medikal Enpòtan

Mwen konprann pwosedi lekòl la pral swiv yo si pitit mwen an bezwen tretman medikal ak/oubyen pran medikaman pandan li lekòl. Mwen konprann ke li ekstrèmman enpòtan pou lekòl la kapab kontakte mwen nan ka genyen yon ijans medikal.

**Si yon atansyon medikal an ijans nesèsè epi nou pa kapab jwenn ou, èske ou otorize pou pèsònèl lekòl la chache tretman medikal la?**

WI  NON

Founisè Asirans:  BCBS  Tufts  HPHC  Medicaid  Mass Health  Lòt \_\_\_\_\_

Nimewo Polis \_\_\_\_\_

Non doktè a \_\_\_\_\_ # Tel. \_\_\_\_\_

Lopital/Sant Sante kote ou mennen pitit ou a si li malad: \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ # Tel. \_\_\_\_\_

Èske pitit ou a gen yon pwoblèm sante ke lekòl la dwe konnen? Tanpri ansèkle: ASMATIK, DYABÈT, KRIZ, DREPANOSITÒZ (TRÈ/MALADI), ALÈJI MÒTÈL, ALIMANTASYON NAN SOND G, ANKSYETE, DEPRESYON. Tanpri dekre nenpòt lòt: \_\_\_\_\_

Èske pitit ou an ap pran medikaman chak jou?  WI  NON Si wi, tanpri deklare anba.

Èske pitit ou a ap pran medikaman "lè l bezwen" lakay oubyen lekòl?  WI  NON Si wi, tanpri deklare anba.

*Tout elèv k ap pran medikaman nan nenpòt kalte nan lekòl la dwe prezante bay enfimyè lekòl la preskripsyon yon doktè ki gen sinyati paran/responsab la epi medikaman nan yon veso ki gen etikèt famasi a sou li.*

Non medikaman (yo) \_\_\_\_\_ Lè(yo) pou pran yo: \_\_\_\_\_

Alèji: Manje \_\_\_\_\_ Medikaman \_\_\_\_\_ Latèks \_\_\_\_\_ Piki myèl \_\_\_\_\_

Èske nou rekonèt gen pwoblèm vizyon?  WI  NON Linèt toutan

Pasyèlman  Pou ki aktivite? \_\_\_\_\_

Èske nou rekonèt gen pwoblèm odizyon?  WI  NON Aparèy pou ede moun ki mal pou tande:  WI  NON

Èske timoun nan te fè operasyon, maladi, oubyen te blese nan dènye ane a? Si wi, tanpri fè deskripsyon an: \_\_\_\_\_

Èske pitit ou a te dyagnostike avèk yon blese nan tèt oubyen komosyon serebral nan dènye ane a? Si wi, tanpri fè deskripsyon an: \_\_\_\_\_

Siyati paran an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_